

Dwa ak Pwoteksyon nan Travay pou Travayè nan Kay ki nan Vil Nouyòk

Enfòmasyon pou Patwon Travayè nan Kay

Si ou anplwaye yon travayè nan kay oswa plizyè travayè nan kay, ou fèt pou:

- Ofri avantaj minimòm ki endike padèyè paj la
- Peye travayè ou (yo) chak semèn
- Pa fè dediksyon nan lajan peman travayè ou san ou pa jwenn pèmisyon ekri li

(Ou fèt pou jwenn otorizasyon lalwa pou fè dediksyon yo, epitou yo la pou avantaj travayè a. Ou pa kapab fè dediksyon nan salè travayè ou poutèt yon bagay li kraze oswa pou lòt rezon konsa. Ou fèt pou bay travayè ou yon souch peman ki endike tout dediksyon ou fè yo.)

- Konsève pewòl detaye ak dosye lè pou kantite èdtan anplwaye a (yo) travay, salè ou peye li (yo), ak nenpòt dediksyon ou fè nan salè a
- Bay anplwaye ou yon avi alekri konsènan règleman pou konje maladi, konje, konje pèsònèl, jou ferye ak kantite èdtan travay
- Bay anplwaye ou yon avi alekri ki genyen ladan salè regilye li ak salè pou tan siplemantè li travay ak sa peman regilye li ye. Avi sa a disponib nan sit wèb www.labor.ny.gov/formsdocs/wp/LS54.pdf.
- Pa fè vanjans kont yon travayè/travayè (yo) poutèt li (yo) pote plent ba ou oswa ba Depatman Travay pou vyolasyon lwa travay
- Aplike pou taks sou Asirans Chomaj ak peye taks la sou non travayè a (yo)

(Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade Piblikasyon IA 318D Depatman Travay Eta Nouyòk, Gid pou Asirans Chomaj Moun ki nan Kay. Piblikasyon sa a disponib nan sit www.labor.ny.gov/ui/PDFs/ia318d.pdf.)

- Bay pwoteksyon Asirans Konpansasyon Travayè ak pwoteksyon Asirans Avantaj pou Andikap pou nenpòt travayè (yo) ki travay omwen pandan 40 èdtan pa semèn.

(Ou kapab jwenn asirans sa a nan New York State Insurance Fund (NYSIF) oswa nan yon lòt konpayi ki vann kalite asirans sa yo nan Nouyòk. NYSIF se yon konpayi asirans sèvis konplè k ap vann Asirans pou Konpansasyon Travayè ak Asirans pou Avantaj pou Andikap pou nenpòt patwon k ap fè biznis nan Eta Nouyòk. Pou jwenn enfòmasyon, ale nan sit wè www.nysif.com.)

Genyen obligasyon pou peye taks federal ak taks leta alafwa pou patwon yo ak travayè yo. Pou jwenn enfòmasyon sou responsablite fiskal ou, ale gade Piblikasyon 27 Depatman Enpo ak Finans Eta Nouyòk, What You Need to Know if You Hire Household Help Sa ou Bezwen Konnen si Ou Anboche Moun pou Ede Ou Lakay ou nan sit wèb www.tax.state.ny.us.

Nòt pou travayè imigran nan kay yo ak pou patwon yo:

Lwa sou travay ak sou taks, ansanm avèk Deklarasyon Dwa Travayè nan Kay, aplike pou tout travayè yo, kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo.

PROTECT *all Workers*

ASSIST *the Unemployed*

CONNECT *Employers and Workers*

www.labor.ny.gov

